

Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



Vize sou Pwen Santral la

Resamman, m t ap gade yon gwoup moun ki t ap pratike amizman tire flèch. Jis nan gade a sèlman, m te reyalize ke si nou vrèman vle metrize tire flèch, sa mande tan ak pratik.

M pa panse nou ka devlope repitasyon yon moun ki maton nan tire flèch si n ap sèlman pratike sou yon miray vid epi apresya nou trase wonn alantou flèch yo. Nou dwe aprann teknik pou jwenn sib la epi vize dirèkteman sou li.

Pentire sib yo

Vize anvan epi desine sib la nan apre ka parèt yon ti jan etranj, men pafwa, se egzakteman menm konpòtman sa a nou demontre nan lòt sikonstans nan lavi a.

Antanke manm legliz la, nou gen tandans pou nou atache tèt nou avèk pwogram, piblikasyon, ak menm doktrin nan levanjil la ki parèt enteresan, enpòtan oswa atiran pou nou. Nou gen tantasyon pou desine sib tout alantou yo, sa ki fè nou panse ke n ap vize nan sant levanjil la.

Sa fasil pou nou fè.

Atravè tout epòk yo, nou resevwa konsèy ak enspirasyon ekselan nan men pwofèt Bondye yo. Nou resevwa direksyon ak klarifikasyon nan anpil piblikasyon, liv ak manyèl Legliz la tou. Nou ta ka fasilman seleksyone sijè levanjil nou pi renmen an, trase yon wonn alantou li, epi deklare ke nou idantifye sant prensipal levanjil la.

Sovè a klarifye pou nou

Sa se pa pwoblèm epòk pa nou an sèlman. Nan tan lontan, dirijan relijye yo te konn pase anpil tan ap kataloge,

klase, epi fè deba pou konnen kiyès nan tout santèn kòmandman yo ki te pi enpòtan.

Yon jou, yon gwoup savan relijye te eseye antre Sovè a nan konfli a. Yo te mande L pou L te bay opinyon L sou yon sijè kote sèlman kèk ladan yo te annakò.

Yo te mande Li, “Mèt, ki kòmandman ki pi konsekan nan lalwa a?”

“Jezi te reponn li, Se pou ou renmen Senyè a, Bondye ou, avèk tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tou lide ou.

“Sa se premye ak pi gran kòmandman an.

“Men dezyèm nan ki gen menm enpòtans avèk li, Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.

“De kòmandman sa yo se fondasyon tout sa ki nan lalwa a ak sa pwofèt yo di.”⁽¹⁾

Silvouplè, note dènye fraz la “De kòmandman sa yo se fondasyon *tout* sa ki nan lalwa a ak sa pwofèt yo di.”

Non sèlman Sovè a te montre nou pwen santral la, men Li te idantifye sib la pou nou tou.

Vize sib la

Antanke manm Legliz la, nou fè alyans pou nou pran non Jezikri sou tèt nou. Yon pati nan alyans sa a se konpreyansyon ke nou pral fè efò pou nou aprann konsènan Bondye, pou nou renmen Li, ogmante lafwa nou nan Li, onore L, mache sou chemen Li, epi kanpe tennfas kòm temwen Li.

Plis nou aprann konsènan Bondye e plis nou santi amou Li pou nou, se plis n ap reyalize ke sakrifis enfini Jezikri a se yon don diven Bondye. Epi amou Bondye ap

enspire nou pou nou itilize chemen vrè repantans lan, ki ap mennen nan mirak padon an. Pwosesis sa a fè nou vin gen pi gran amou ak konpasyon pou moun bòkote nou. N ap aprann gade odela etikèt yo. N ap reziste anba tantasyon pou nou akize oubyen jije lòt moun akòz peche yo, erè yo, enpèfeksyon, panchan politik, konviksyon relijye, nasyonalitye, oubyen koulè po yo.

N ap vin wè chak moun nou rankontre kòm yon pitit Papa nou ki nan Syèl la—frè oswa sè nou.

N ap lonje lamèn bay lòt moun avèk konpreyansyon ak amou—menm moun ki gen dwa pa patikilyèman fasil pou nou renmen yo. N ap kriye avèk moun k ap kriye epi konsòle moun ki bezwen konsolasyon.²

Epi n ap vin reyalize ke pa gen nesosite pou nou agonize nou osijè sib levanjil kòrèk la.

De gran kòmandman yo se sib la. De kòmandman sa yo se fondasyon tout sa ki nan lalwa a ak tout sa pwofèt yo di.³ Lè nou aksepte bagay sa a, tout lòt bon bagay yo ap tonbe nan plas yo.

Si objektif prensipal nou, panse nou, ak efò nou santre sou ogmante amou nou pou Bondye Toupuisan an ak panche kè nou pou ede lòt moun, nou ka konnen ke nou jwenn vrè sib la epi n ap vize l dirèkteman—n ap vin tounen vrè disip Jezikri.

NÒT

1. Matye 22:36–40.

2. Gade nan Mozya 18:9.

3. Gade nan Matye 16:24.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Anvan ou pataje mesaj sa a, ou gen dwa chante “Divin amour” (*Cantiques* no. 59). Apre sa, konsidere pou w ankouraje moun w ap vizite yo pou yo reflechi sou “sib” nan lavi pa yo. Ou gen dwa diskite sou fason yo ka asire yo ke de gran kòmandman yo—“renmen Senyè Bondye w la” ak “renmen pwochen w tankou tèt pa w” la (gade nan Matye 22:37, 39)—toujou gide aksyon yo. Epitou, ou gen dwa pataje kèk fason espesifik kote w te santre pwòp lavi pa w sou Kris la, epi pataje temwayaj ou konsènan fason sa te beni ou.

© 2017 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/16. Apwobasyon tradiksyon: 6/16. Tradiksyon *First Presidency Message, January 2017*. Haitian Creole. 97921 036

JÈN YO

Yon souri ka fè yon diferans

Prezidan Uchtdorf idantifye de objektif nou ta kapab genyen pou aksyon nou yo: renmen Bondye ak renmen pwochen nou. Men, kèkfwa li senpleman pa fasil pou renmen lòt moun. Atravè tout lavi ou, ka gen moman kote ou twouve l difisil pou asosye w avèk lòt moun—petèt yon moun te fè ou mal oubyen ou te gen difikilte pou kominike oubyen pou annakò avèk yon moun. Nan moman sa yo, eseye sonje amou ou te santi nan men zanmi, fanmi, Papa nou ki nan syèl la, ak Jezikri. Sonje lajwa ou te santi nan sitiyoasyon sa yo epi eseye imajine si chak moun ta gen opòtinite pou yo ta santi yon amou konsa. Sonje ke tout moun se yon pitit fi oubyen pitit gason Bondye epi yo merite amou Li ak amou pa ou.

Panse sou kèk moun espesifik nan lavi w ou gen difikilte pou w antann ou avèk yo. Mete yo nan lapriye ou epi mande Papa nou ki nan Syèl la pou L ouvri kè w pou yo. Byen vit w ap vin kòmanse wè yo jan Li wè yo a: kòm youn nan pitit Li yo ki merite amou.

Apre ou fin priye, fè yon bagay janti pou yo! Petèt envite yo al nan yon aktivite Legliz la oubyen yon sòti avèk zanmi. Ofri pou w ede yo fè yon devwa lekòl. Ou gen dwa menm di “alo” epi souri ba yo. Ti bagay yo ka fè yon gwo diferans . . . nan lavi pa ou ak pa yo!

TIMOUN YO

Sib la !

Prezidan Uchtdorf di ke levanjil la se tankou fè pratik tire flèch. Nou bezwen vize bagay ki pi enpòtan yo. Kòmandman ki pi enpòtan yo se renmen Bondye ak renmen lòt moun. Si nou konsantre sou de bagay sa yo, nou ka atenn sib la tout tan!

Desine yon gwo sib sou yon mòso papye. Fè yon paran li lis sa a pou ou. Si youn nan eleman nan lis la se yon bagay ki ka ede w montre amou ou pou Bondye ak pou lòt moun, ekri l oubyen desine l nan mitan sib la.

Pataje jwèt ou

Vòlè sirèt

Ale legliz

Bay yon moun yon move non

Fè priye ou

Bay yon moun yon akolad

Goumen avèk frè w ak sè w



Objektif Sosyete Sekou

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche enspirasyon pou ou ka konnen kisa pou ou pataje.

Lafwa, Fanmi, Sekou

Objektif Sosyete Sekou se pou “prepare medàm yo pou benediksyon lavi etènèl,” se sa Linda K. Burton, Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a te di.¹ Se atravè lafwa, fanmi, ak sekou nou angaje nou nan “pati vital travay la.”²

Sosyete Sekou “se yon travay tanporèl ak esprityèl,” se sa Carole M. Stephens, Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a te di. “Se sa medam yo te fè nan epòk Sovè a, epi se sa n ap kontinye fè.”³

Lè nou gade fanm Samaritèn nan bò pi a, ki te kite bokit dlo l la, epi li te kouri al di lòt moun yo Jezi se yon pwofèt la (gade nan Jan 4:6–42), oubyen Phebe, ki te sèvi lòt moun avèk jwa pandan tout lavi li (gade nan Women 16:1–2), nou kapab wè egzanp fi yo nan epòk Sovè a ki te jwe yon wòl aktif nan vin jwenn Kris la. Se Li menm ki ouvri chemen nou pou lavi

etènèl la (gade nan Jan 3:16).

Lè nou gade sè nou yo ki te pyonye nan vil Nauvoo, Illinois yo, ki te rasanble lakay Sarah Kimball an 1842, pou yo te fòme pwòp òganizasyon pa yo a, nou wè plan Bondye pou L mennen Sosyete Sekou vin egziste epi mache kòtakòt avèk Prètriz la. Apre Eliza R. Snow te ekri yon konstitisyon, Pwofèt Joseph Smith te revize li. Li te reyalize ke Legliz la pa t konplètman òganize jiskaske yo te òganize fi yo. Li te di Senyè a te aksepte ofrann yo a, men, te gen yon bagay ki pi bon toujou. Li te di: “M pral òganize fi yo anba prètriz la selon modèl Prètriz la,”⁴

“Sosyete Sekou sepa t jis yon lòt gwoup fi ki t ap eseye fè bon bagay nan mond lan. Sa te diferan. Sete yon ‘pi bon bagay’ paske li te òganize sou otorite prètriz. Òganizasyon li sete yon etap nesèsè nan dewoulman travay Bondye a sou tè a.”⁵

Ekriti adisyonèl ak enfòmasyon

Doktrin ak Alyans 25:2–3, 10; 88:73; *reliefsociety.lds.org*

NÒT

1. Linda K. Burton, nan Sarah Jane Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday and More March 17,” *Church News*, Mas. 13, 2015, news.lds.org.
2. Linda K. Burton, in Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday.”
3. Carole M. Stephens, nan Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday.”
4. Joseph Fielding Smith, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), null12.
5. *Filles dans mon royaume*, 16.

Konsidere bagay sa a

Kouman Sosyete Sekou ede fi yo akonpli wòl diven Papa nou ki nan syèl la genyen pou yo a epi mennen yo nan lavi etènèl?